

Latihan Soal Sumatif Bahasa Sunda Kelas V SD/MI Semester Ganjil, Yuk Pelajari dan Simak Kunci Jawabannya

(Adi Singgih Nugraha)
Rabu, 01 November 2023 | 06.00 WIB

TP: 1

Pék baca dina jero haté!

Beresih jadi Sarat Hirup Séhat

Hirup séhat téh dimimitian tina ngabiasakeun hirup beresih heula. Beresih awak jeung beresih lingkungan. Kadé poho deuih, kudu beresih sakur anu didahar jeung diinum ku urang. Lian ti éta beresih hawa anu diseuseup deuih.

Beresih awak diantarana kudu mandi, sakurang-kurangna dua kali dina sapoé. Mandina maké cai beresih deuih. Mun mandina maké cai kotor mah kateu-teu ari. Tangtu waé dina saban mandi gé kudu bari ngosok huntu.

Mandi téh miceunan kokotor anu narapel dina awak urang, di antarana anu disebut daki. Lamun miceunan kokotor dina sirah disebutna diangir atawa kuramas. Ngosok huntu gé sarua pikeun miceunan kokotor atawa sésa kadaharan anu nyarelap dina sela-sela huntu. Lamun teu diberesihan, huntu téh katempona jadi kotor, batur bakal geuleuheun. Lian ti kitu, sok babari koropak deuih, terus jadi nyeri. Mangkaning ari nyeri huntu téh ka urangna matak jadi sangsara, karasana nyanyautan.

I. Tandaan ku cakra (X) dina aksara A, B, C, atawa D dina jawaban nu bener !

- Numutkeun bacaan di luhur kokotor anu narapel dina awak disebut
A. daki
B. korong
C. leho
D. cileuh
- Diangir atawa kuramas nyaéta ngaberesihan kokotor dina
A. huntu
B. panon
C. sirah
D. leungeun
- Huntu urang bakal babari koropak lamun urang ngedul
A. mandi
B. ngosok huntu
C. kuramas
D. diangir
- Judul bacaan diluhur nyaéta
A. Beresih Awak jeung beresih Lingkungan
B. Beresih jadi Sarat Hirup Sehat
C. Beresih Kadaharan jeung Inuman
D. Beresih Sabagian tina Iman
- Lantaran geus teu asup kadaharan, nu gering téh kapaksa
A. diinfus
B. disuntik
C. dibaluran
D. diurut

II. Tandaan ku centang (✓) dina pernyataan yang tepat jeung tanda cakra (X) dina pernyataan anu henteu tepat!

	Pernyataan	Bener	Salah
6.	Hirup séhat téh dimimitian tina ngabiasakeun hirup beresih heula		
7.	Lamun maké papakéan anu beresih sok arateul		

8.	Kadaharan anu alus gizina téh salawasna kudu mahal		
----	--	--	--

III. Eusian titik-titik di handap ieu ku kecap anu merenah!

9. UKS singgetan tina
10. Sariawan nyaeta kaluar getih tina
11. Sabab ngedul ngosok huntu, ayeuna téh huntuna

IV. Jawab pananya dihandap numutkeun kana paréntah!

12. Terangkeun kumaha carana miara kaséhatan awak!
13. Tataan jeung terangkeun 3 (tilu) ngaran wadah kadaharan urang sunda!
14. Pek jieun kalimah tina istilah-istilah kasehatan di handap ieu!
 - a. kuru
.....
 - b. muriang
.....

V. Pasangkeun pernyataan-pernyataan di handap ieu ku cara narik garis antara kolom “Istilah Kasehatan” jeung kolom “Hartina”!

	Istilah Kasehatan		Hartina
15.	Kuru	•	Sagala didahar
16.	Mengi		Panas tiris
17.	Tambarakan		Sesek nafas
18.	Muriang		Begang pisan

TP: 2

I. Tandaan ku cakra (X) dina aksara A, B, C, atawa D dina jawaban nu bener !

Pupuh Asmarandana

.....
 Lamun lembur hayang resik,
 tangtu kudu dipiara,
 ditata dihadé-hadé,
 sangkan betah tumaninah,
 matak hegar tur séhat,
 kasakit jadi jarauh,
 moal babari geringan.

19. Judul nu bener pikeun Pupuh Asmarandana diluhur nyaéta

A. Miara Awak	C. Miara Lembur
B. Miara sasatoan	D. Miara pepelakan

20. Pupuh di luhur aya Padalisan.
 A. tujuh C. lima
 B. genep D. opat
21. Watek Pupuh Asmarandana téh
 A. silih asih C. prihatin
 B. gumbira D. pikaseurieun
22. Anu bisa ku hidep dipigawé lamun dilembur hidep aya acara kerja bakti
 A. ngabantuan macul C. ngabantuan ema nyiapkeun inuman
 B. manggulan batu D. ulin-ulinan ditempat kerja bakti
23. Ngaran pakakas dihandap nyaéta



- A. pacul C. koréd
 B. congkrang D. arit

II. Tandaan ku centang (√) dina pernyataan yang tepat jeung tanda cakra (X) dina pernyataan anu henteu tepat!

	Pernyataan	Bener	Salah
24.	Lamun lembur hayang resik tangtu kudu dipiara		
25.	Kerja bakti ngandung harti nyaah kasarakan		
26.	Cara miara lembur kudu kerja bakti unggal poé		

III. Eusian titik-titik di handap ieu ku kecap anu merenah!

27. Lembur hégar tur séhat jadi jarauh.
 28. Lamun lembur hayang resik tangtu kudu

IV. Jawab pananya dihandap numutkeun kana paréntah!

29. Tuliskeun 2 kagiatan nu bakal dipigawe ku hidep lamun di tempat hidep aya kerja bakti!
 30. Robah kalimah aktif ieu jadi kalimah pasif!
 Rina maca buku basa Sunda.

 31. Pek caritakeun pangalaman hidep ngalaksanakeun kerja bakti di imah, disakola, atawa di masyarakat, pilih salah sahiji!

V. Pasangkeun pernyataan-pernyataan di handap ieu ku cara narik garis antara kolom “Ngaran Pakakas” jeung kolom “Kagunaan”!

Ngaran Pakakas		Kagunaan
32. Pacul	•	Macul disawah
33. Arit		Meresihan jukut

34.	Kored
35.	Bedog

Ngala jukut parab domba
Nuar tatangkalan

KUNCI JAWABAN DAN PEDOMAN PENILAIAN
PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS)
KELAS V (LIMA) SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Muatan Pelajaran : BAHASA SUNDA

TP: 1

I. Pilihan Ganda

1. A
2. C
3. B
4. B
5. A

II. Benar-Salah!

	Pernyataan	Bener	Salah
6.	Hirup séhat téh dimimitian tina ngabiasakeun hirup beresih heula	√	X
7.	Lamun maké papakéan anu beresih sok arateul	X	√
8.	Kadaharan anu alus gizina téh salawasna kudu mahal	X	√

III. Isian

9. Usaha Kesehatan Sekolah
10. irung
11. koropok

IV. Uraian

12. Diantarana kudu mandi, sakurang-kurangna dua kali dina sapoé, diangir atawa kuramas, ngosok huntu. (diserahkan ke guru)
13. Ngaran wadah kadaharan urang sunda diantaranya:
 - Téténong paranti nunda kadaharan bentukna buleud dijieuna tina awi
 - Pipiti biasana dipake ngawadahan kadaharan ti nu hajatan (idangan) bentukna kotak dijieuna tina awi
 - Boboko wadah sangu meunang ngakeul dijieuna tina awi
 - Pontrang wadah lawuh-lawuh atawa amis-amis tinu hajat dijieun tina anyaman daun kalapa cara mawana dijingjing.
 - Jeung sajabana... (diserahkan ke guru)
14. (diserahkan ke guru)

V. Menjodohkan

	Istilah Kasehatan		Hartina
15.	Kuru	●	Sagala didahar
16.	Mengi		Panas tiris



17.	Tambarakan
18.	Muriang

Sesek nafas
Begang pisan

PEDOMAN PENILAIAN

No	Jenis soal	Bobot soal	Skor	Penilaian
I	Pilihan Ganda	1	5 soal x 1 = 5	$\frac{\text{Skor Perolehan}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$
II	Benar-Salah	1	3 soal x 1 = 3	
III	Isian	2	3 soal x 2 = 6	
IV	Uraian	3	3 soal x 3 = 9	
V	Menjodohkan	1	4 soal x 1 = 4	
Skor maksimal			= 27	

TP: 2

I. Pilihan Ganda

- 19. C
- 20. A
- 21. A
- 22. C
- 23. A

II. Benar-Salah!

	Pernyataan	Bener	Salah
24.	Lamun lembur hayang resik tangtu kudu dipiara	√	X
25.	Kerja bakti ngandung harti nyaah kasarakan	√	X
26.	Cara miara lembur kudu kerja bakti unggal poé	X	√

III. Isian

- 27. kasakit
- 28. dipiara

IV. Uraian

- 29. Ngabantuan nyiapkeun kadaharan atawa inuman, ngabantu sabisana. (diserahkan ke guru)
- 30. Buku basa Sunda dibaca ku Rina.
- 31. (diserahkan ke guru)

V. Menjodohkan

